

# Prepare w pou Opòtinite Edikatif yo Apre Klas Tèminal: Fanmi yo Ede Elèv yo pou yo Reyisi

Fanmi yo ka ede elèv yo pou yo prepare yo pou opòtinite ansèyman Apre Lekòl Segondè (AAS) pandan yo nan lekòl segondè ak nan klas tèminal. Èske w pare?

Fanmi yo ka ede elèv yo genyen ki andikape yo prepare yo pou opòtinite ki genyen pou fòmasyon apre klas tèminal (etid siperyè ou inivèsite) grasa yon planifikasyon kolektif pou fè pasaj sa a. Pasaj nan segondè se yon etap ki gen ladan I elèv ki soti nan 14 zan pou rive nan 21 an, se yon peryòd enpòtan nan planifikasyon ak nan preparasyon lavi elèv yo apre klas tèminal. Etid yo montre patisipasyon fanmi yo nan peryòd planifikasyon ak preparasyon sa a pral ogmante chans elèv la genyen pou I reyisi. Gade nan dokiman [Previzyon Rezulta Apre-Lekòl la](#) (Predictors of Post-School Outcomes) pou jwenn plis enfòmasyon sou aktivite familyal ki ankouraje rezulta apre-Lekòl pozitif pou jèn ki nan fanmi sa yo.

Motivasyon elèv la gen nan lekòl la enpòtan pou I reyisi nan inivèsite. Tablo ki pi ba a montre elèv ki andikape ki tèmine etid segondè yo gen anpil motivasyon pou etid siperyè yo, pou fòmasyon pwofesyonèl yo ak nan travay pase elèv ki andikape ki pa t tèmine etid yo. Paran yo ka bay sipò yo nan ede elèv yo pou yo rete motive epi tèmine klas tèminal. Planifikasyon pasaj la se yon demach ki enpòtan k ap ede elèv yo, fanmi yo, edikatè yo, ajans yo ak kominate yo pou ede elèv yo soti nan klas tèminal pou antre nan lavi apre Lekòl. Planifikasyon pasaj la "Etabli yon estrikti nòmal pou prepare yon moun pou I ka viv, travay epi jwe nan kominate a fason ki pi konplè epi ki pi endepandan ki posib la" (Konsèy pou Paran yo pou planifikasyon pasaj la, 2007).


Nivo Motivasyon Elèv yo - Sous Enfòmasyon (NLTS2, 2011)	Diplome nan klas tèminal ki pa Patisipe nan PSE, Fòmasyon oswa Travay	Ki pa Diplome nan klas tèminal ni ki pa patisipe nan PSE, Fòmasyon oswa Travay
Pousantaj Elèv ki Andikape	12,6%	35,5%

Fòmasyon apre lekòl segondè prepare etidyan yo pou travay. Elèv nan klas tèminal ak nan lise ka devlope tou konpetans pwofesyonèl adomisil. Elèv, èske nou pare pou resevwa kèk konsèy?

[Pasaj Chanjiman](#) pibliye konsèy sou pratik Konpetans pwofesyonèl adomisil. Kèk nan sijesyon I yo prezante konsa:

- Pran inisyativ: Ou pa dwe ret ap tann pou yo di w fè yon bagay. Lè w wè yon bagay ki dwe fèt, aji.

- Fikse objektif: Fikse yon objektif, planife ki jan w pral atenn li epi suiv objektif sa a.
- Devlope konpetans nan domèn komunikasyon: Pratik Konvèrsasyon kote w gen dwa bezwen defann tèt ou, tankou devan yon pwofesè, yon kòlèg travay oswa yon sipèvizè. Pratiike avèk fanmi w.



Kapasite Elèv yo genyen pou Motive tèt yo ka Ede yo nan tout aspè nan lavi yo. Eleman esansyèl pou motivasyon pèsonèl yo gen ladan yo:

- Chwazi
- Pran Desizyon
- Rezoud Pwoblèm
- Fikse epi atenn Objektif Pèsonèl
- Discipline tèt ou
- Enstwi tèt ou
- Defann tèt ou
- Espas pou Kontwòl Entèn
- Rannman Pèsonèl
- Atant nan Rannman Pèsonèl
- Konprann tèt ou
- Konnen tèt ou

Verifye sa!  
Lis Kontwòl Motivasyon Pèsonèl pou Paran yo, Apennidis O nan [Gid Familyal pou](#)

[Planifikasyon Pasaj nan Segondè pou Elèv Andikape yo](#)  
[Bwat Zouti Konplè](#)



## 1. Ëske ou menm ak elèv ou a te fè rechèch sou pwogram PSE ki disponib yo?

Plan estratejik ansèyman siperyè a kòmanse nan kolèj ak nan lise avèk IEP ansanm ak objektif ki gen apre lekòl segondè yo ki evalye. Tout eleman Ki nan IEP yo pral prepare elèv ou a pou l ka afwonte lavi a apre klas tèminal. Objektif apre lekòl segondè yo pral reflete chwa elèv ou a te fè epi l ap montre ki modèl aktivite elèv ou a ta renmen pousuiv. Menmsi w t ap chwazi yon pwogram pou fòmasyon, yon sant CTE, yon kolèj oswa yon inivèsite, gen anpil bagay pou w aprann pou w rive chwazi pi bon opsyon an pou elèv ou a. Anplis de idantifye karyè pwofesyonèl pou etid siperyè yo, elèv yo ak fanmi yo ap bezwen teni kont de bagay ki vin annapre yo:

### Ki opsyon ki disponib pou elèv?

- Gade tablo kesyon 3 a pou jwenn enfòmasyon sou kondisyon admision nan etablisman ansèyman siperyè yo.
- Kontakte [FairTest, the National Center for Fair and Open Testing](#) pou jwenn kolèj ak inivèsite ki limite itilizasyon rezulta egzamen yo, tankou rezulta ACT/SAT pou admision nan fasilite yo.
- Ale nan *Gid pou ansèyman siperyè Florid la ak/oswa (Florida Postsecondary Education Guide)* nan [Asosyasyon pou Ansèyman Siperyè Enklizif nan Florid](#) (Florida Consortium on Inclusive Higher) [Sit entènèt edikatif](#) pou enfòmasyon sou opòtinité pou ansèyman siperyè enklizif pou moun ki gen andikap entèlektyèl yo

### Ki opsyon k ap ede elèv ou a atenn objektif li genyen pou ansèyman siperye a?

- Pwogram fòmasyon pwofesyonèl
- Pwogram sètifica nan yon sant CTE oswa nan yon kolèj
- Pwogram dezan ki bay yon diplòm nan yon sant CTE
- oswa nan yon kolèj. Pwogram katran ki bay yon diplòm
- nan yon kolèj oswa nan yon inivèsite

Pwogram apre lekòl segondè enklizif pou etidyan ki gen yon endikap entèlektyèl ki rive gen tit ki vrèman enpòtan

### Ëske elèv ou a pral viv nan kay la, avèk lòt manm nan fanmi an oswa ak zanmi, nan kanmpous la oswa nan yon apatman?

- Idantifye opsyon ansèyman siperyè disponib ki koresponn ak chwa sa a oswa bezwen sa a.
- Idantifye disponiblite resous kominotè ki nesesè yo, tankou transpò ak sèvis sante yo.

### Ki opsyon ki pral koresponn pi byen ak bezwen aprantisaj elèv ou a?

- Idantifye sèvis ak sipò ki disponib pou tout elèv yo.
- Rankontre ak biwo sèvis pou moun ki andikape yo pou konnen ki lojman ki disponib ansanm ak egzijans yo fè konsènan dokiman sou andikap yo.

### Ki opòtinité ki genyen pou integrasyon sosyal?

- Idantifye aktivite ki disponib ki enterese elèv ou a epi ki ba l posiblite pou gen relasyon sosyal. Gen migran ki
- frekante sitou kèk nan etablisman ansèyman siperyè yo (PSE), sa ki ka afekte posiblite aktivite sosyal yo.

## Planifikasyon pou Finanse Ansèyman apre Lekòl Segondè

Kòman yo ka finanse PSE a pou elèv ou a?

- Rechèch éd finansye ak bous etid sou sit entènèt Ministè Edikasyon an.
- Rechèch bous etid sou sit entènèt pwojè 10 la
- Ale nan dokiman PEYE POU KOLEJ (PAY FOR COLLEGE) Paj entènèt nan FloridaShines

## Resous Enpòtan pou fè Karyè ak Plan pou Ansèyman Apre lekòl segondè

FloridaShines ap travay ansanm ak kominote edikatif K-20 nan Florid la pou bay rezidan Florid yo sèvis.

FloridaShines ede elèv yo pou yo reyalize bagay ki vin annapre yo:

- Antre nan Inivèsite,
- Reyisi nan Inivèsite,
- Chwazi yon Karyè

\*Keson ak repons sa yo ann amoni ak dokiman ki rele PACER Pasaj nan ansèyman Apre lekòl segondè (Transition to Postsecondary Education) oswa Fòmasyon: Ki sa paran yo ka te kounye a



## 2. Ëske elèv ou a ap suiv yon pwogram etid ki apwopriye?

Tout elèv k ap planife pou antre nan yon kolèj, nan yon inivèsite, oswa nan yon pwogram ansèyman pwofesyonèl ak teknik (EPT), san n pa blye elèv ki andikape yo, dwe suiv yon pwogram etid segondè oswa yon kou k ap prepare yo pou yo konfòme yo ak prensip etablisman sa yo egzije. An Florid, tout etidyan yo, san n pa blye elèv ki andikape yo rive gen yon diplòm nòmal. Sèvi ak Tablo ki bay opsyon pou Diplome a ki sou sit entènèt pwojè 10 la pou egzamine posliblite ki genyen pou elèv ki andikape yo rive diplome. Gade tou nan Bwochi sou Oryantasyon Eskolè nan ministè edikasyon Florid la pou jwenn plis enfomasyon sou diplòm yo, ak sou sistèm inivèsite Leta a, sistèm kolejyal Florid la ansanm ak Fakilte Pwofesyonèl e Teknik yo. Si elèv ki andikape yo prevwa antre nan yon etablisman apre lekòl Segondè kote nivo a wo, yo dwe chwazi pwogram etid segondè k ap ede yo atenn objektif sa a. Egzijans etablisman apre lekòl segondè sa yo varye, donk li enpòtan pou elèv yo konprann diferans sa yo. Tablo ki pi ba a bay kèk enfomasyon jeneral.

Faktè ki Konparab	Sistèm Inivèsite Florid	Sistèm Kolèj Florid	Pwogram CTE Apre Lekòl Segondè nan Florid	Pwogram Ansèyman Enklizif Apre Lekòl Segondè (IPSE)
Admisyon	Trè konpetitif pou tout elèv ki diplome nan Klas tèminal yo	Ouvri pou tout moun	Ouvri pou tout moun	Ouvri pou tout elèv ki gen andikap entèlekyèl
GPA	Mwayèn jeneral la enfliyanse admisyon an	Egzije yon diplòm etid segondè; yo pa egzije yon mwayen jeneral minimòm; gen aksè ak pwogram etid espesyal la kapab pi difisil.	yo egzije pou tèmine etid segondè; yo pa egzije yon mwayen jeneral minimòm; gen aksè ak pwogram etid espesyal la kapab pi difisil.	Yo pa egzije yon mwayen jeneral minimòm
Tès Egzijans	Egzamen pou antre nan inivèsite yo gen efè sou admisyon an	Yo ka mande pou gen evalyasyon nan kèk pwogram ki sible	Yo ka mande pou gen evalyasyon nan kèk pwogram ki sible	Egzijans pwogram yo varye de yon pwogram ak yon lot
Pwogram Etid	Li ka nesesè pou gen yon kou preparasyon pou antre nan inivèsite	Yon kou preparasyon pou antre nan inivèsite kapab trè itil elèv yo, men se pa yon obligasyon.	Yon kou preparasyon pou antre nan inivèsite pa obligatwa, men li ka trè itil elèv yo	Kou preparasyon pou antre nan inivèsite pa obligatwa

Evalyasyon ki adapte ak laj elèv la pèmèt yo detèmine adaptasyon ak chanjman ki ka nesesè pou elèv ou a ka reyisi epi pou drese yon tablo byen klè sou pwen fò l yo, sou bezwen l yo, sou sa ki enterese l yo ansanm ak sou preferans li yo. Gras ak enfomasyon yo jwenn pandan evalyasyon pou pasaj yo, elèv la, gras ak sipò ekip IEP a, pral kòmanse fikse objektif pou lavi apre Klas tèminal. Yo rele objektif sa yo "objektif apre lekòl segondè ki ekilibre" epi yo dwe etabli apati de 16zyèm anivèsè elèv la.

## Objektik ki Ekilibre apre Lekòl Segondè

Objektif apre lekòl segondè ki ekilibre montre ki sa elèv ou a ta renmen fè lè l fin diplome nan klas tèminal. Soti nan klas tèminal. Objektif sa yo enpòtan paske yo bay yon vizyon ak yon modèl pou ekip IEP yo pou yo ka planife sèvis ki fè lyezon yo k ap ede elèv ou a pwogrese pou l ka rive pase nan lavi adilt li apre klas tèminal.

Yo ekri objektif apre lekòl segondè ki ekilibre nan domèn edikasyon, fòmasyon, travay ak sou lavi pèsonèl, lè sa apwopriye.

### \*Enfomasyon enpòtan sou tès TABE yo

An jeneral, yo bay elèv ki antre nan yon kolèj oswa fakilte nan Florid oswa nan yon pwogram apre lekòl segondè CTE, yon tès edikasyon debaz pou adilt (Tests of Adult Basic Education, TABE) pou yo rive idantifye domèn kote elèv yo ka gen bezwen yon èd siplémentè. Sepandan, yon rezulta ki fèb pou TABE la pa gen dwa sèvi kòm egzijans pou admi yo.



### 3. Èske elèv ou a konprann andikap li a?

Li bon pou elèv ki gen andikap yo konprann ki sa k fè yo andikape ak efè sa genyen sou aprantisaj ak sou lavi a. Developman konsyans ak konesans -Pèsonèl se yon eleman esansyèl pou gen detèminasyon pèsonèl, epi elèv la ka aprann sa toutpandan l ap gen plis eksperyans soti nan matènèl pou rive nan 12yèm ane. Lè yon elèv ap pale sou andikap li genyen, san n pa blyie pwen fò li yo ak bezwen l yo, ekip IEP a jwenn fòmasyon sou pi bon fason pou ede elèv la devlope talan ak kapasite l genyen yo toutpandan elèv la ap resevwa èd ki nesèsè yo. Konpetans sa yo ap ede elèv yo defann tèt yo poukout yo pandan pasaj yo nan lavi apre Klas tèminal.



### 4. Èske elèv ou a devlope yon komunikasyon efikas ansanm ak konpetans sosyal anvè adilt yo epi ak kamarad li yo?

Premye ane inivèsite a ka trè difisil, sitou si elèv ou a pral viv lwen kay la. Oryantasyon nouvo elèv yo se pi bon fason pou yo kòmanse konnen kanmpous la, pou yo fè nouvo zanmi, epi dekovuri aktivite ki enteresan.

Selon [sit entènèt Do2Learn](#), "komunikasyon se kle nan tout relasyon moun ak moun. Timoun ak adilt ki gen pwoblèm komunikasyon souvan manke enfòmasyon ak/oswa konpetans pou kominiye yon fason efikas, se yon bagay ki ka rale yon pakèt pwoblèm sosyal ak sou konpòtman." Pa pèdi tan pou w kòmanse prepare elèv ou a pou l pi byen pwofite eksperyans li pral fè nan ansèyman apre lekòl segondè a lè w ede l byen kominiye ak adilt yo ansanm ak kamarad li yo nan plizyè sitiyyoston.



### 5. Èske elèv ou a gen konpetans nan enfòmatik oswa èske l konn sèvi ak lòt sipò teknolojik pou l ka reyalize kèk travay ki baze sou enfòmatik?

Anpil travay apre lekòl segondè rive reyalize grasa yon òdinatè. L ap bon pou elèv ki gen ankikap yo ranfòse konpetans yo genyen nan domèn enfòmatik pandan yo Klas tèminal. Sipò teknjoloji ak/oswa aranjman yo ka bay aksè pou elèv ki gen andikap nan je, nan zòrèy, nan kò l oswa yon lòt kote. Developman konpetans enfòmatik ak/oswa sipò teknolojik depi nan matènèl rive nan 12yèm ane pral ede elèv yo prepare yo pou fòmasyon apre lekòl segondè, epi ede yo defann avantaj yo nan biwo pou sèvis moun ki andipe yo nan inivèsite a, ak devan pèsonèl nan laboratwa enfòmatik la ak nan bibliyotèk la, pou yo rive metrise zouti teknoloji yo ki fè moun aprann pi fasil epi ki fè yo reyisi lekòl.

Ou ka ede elèv ou a devlope konpetans enfòmatik yo nan domèn ki vin apre yo:

- Klavye
- Imèl
- Ale nan motè rechèch entènèt yo ak Sekirite sou
- Entènèt, MS Word, Excel ak PowerPoint

Si elèv ou bezwen èd pou l rive gen konpetans sa yo, chèche èd nan Florida Alliance for Assistive Services and Technologies (FAAST) oswa nan Florida Diagnostic Learning Resources System (FDLRS) Centers Ministè Edikasyon nan Florid ap soutni òganizasyon sa yo pa mwayen Biwo pou Edikasyon Espesyalize ak Sèvis pou Etidyan yo (BEESS). Biwo ESE nan distri eskolè a ka ede w tou nan domèn sipò teknolojik.

## Devlope Konpetans nan Komunikasyon pou Lavi

- Sijè Konvèsasyon ki Apwopriye
- Ton Vwa a epi Kontwole Volim nan,
- Kòmanse yon
- Konvèsasyon, Patisipe nan yon
- Konvèsasyon ki Enplike Tout Moun Pran San w pou w Tande
- epi Koute Lòt Moun Reponn Kesyon yo
- 
- Tann Lè yo Ba w Lapawòl pou w Pale
- Rete nan Sijè a,
- Fini Konvèsasyon an





## 6. Ëske elèv ou gen konpetans pou ede nan òganize, nan planifye ak nan fikse priyore yo ?

Jeneralman, elèv ki andikape yo resevwa konsèy ak direksyon pandan etid segondè yo sou fason pou yo respekte orè yo, sou fason pou yo konpòte yo nan klas, sou fason pou yo planifye pou yo fè devwa ak pwojè yo bay nan klas yo, pou yo konnen ki kote ak ki lè pou yo ale nan klas ansanm ak ki sa pou yo pote nan klas. Konpetans sa yo tonbe nan kategori fonksyon egzekitif la (EF). Yo ka dekri EF la tankou yon ansanm konpetans ki pèmèt moun yo sonje kèk enfòmasyon,

Organize travay yo, jere tan yo ak rezoud pwoblèm yo. Li nesesè pou fikse konpetans sa yo epi pou atenn objektif yo.

An jeneral, yo pa bay EF la nivo siveyans ak sipò sa a nan sektè inivèsite a. Elèv yo pral responsab pou jere tan yo, orè yo ak devwa yo poukонт yo. Li nesesè pou elèv ki gen andikap yo prepare yo pou yo fonksyone poukонт yo pi souvan. Fanmi yo, pèsonèl eskolè yo ak lòt moun k ap ede elèv ki andikape yo ka kòmanse prepare elèv sa yo pou pran responsablite sa yo, pandan y ap ede yo rasanble resous ki pral pèmèt yo reyalize travay ki nesesè yo pou yo rive reyisi nan lavi a apre Klas tèminal.

Twa dimansyon EF yo se sa ki vin apre yo:

- **Memwa pou Travay** - Kapasite pou kenbe enfòmasyon nan lespri nou pou n ka sèvi ak yo nan lavi n ap mennen chak jou. Pa egzanp - Sonje yon nimewo telefon pandan lontan pou w ka konpoze l.
- **Kontwòl pou Pwoteksyon** - Kapasite pou jere panse yo ak emosyon yo yon fason pou w pran tan pou w reflechi anvan w aji.  
Pa egzanp - Evite fè yon pwofesè oswa yon kamarad nan klas la remak ki ka blese yo.
- **Kapasite entèlektyèl /Mantal** - Kapasite pou reponn avèk souplès ak kèk demann ki varey nan plizyè milye  
Pa egzanp - Itilize yon ton vwa epi fè jès ki apwopriye nan klas ak nan yon match foutbòl.

Konpetans fonksyon egzekitif yo, nan yon sans, tankou yon sistèm distribisyon 911. Distribitè 911 la detèmine ki sèvis ki nesesè epi I alète teknisyen medikal ki la pou ijans yo, ponpye ak polisyè yo, li fè chak apèl selon bezwen ki genyen yo. Menm jan an tou, sistèm egzekitif la pèmèt gen aksè ak divès konpetans ak kapasite yon moun bezwen pou fè travay li epi rezoud pwoblèm yo. [Ki Jan Timoun ak Adilt ka Devlope kapasite ki Esansyèl pou Lavi](#) se yon video nan Sant pou Devlopman Timoun ki nan Inivèsite Harvard ki esplike ki jan timoun, jèn ak adilt devlope epi amelyore EF la.

Nonsèlman yo ka devlope epi ranfòse konpetans yo nan EF la, anplis de sa, elèv yo ka chèche èd tou nan men moun ki nan gwoup ki la pou ede yo epi gen aksè ak kèk materyèl, tankou aplikasyon pou telefon entèlijan ki ka ede elèv yo pran responsablite pou yo jere tèt yo poukонт yo. Pandan y ap itilize materyèl sa yo, elèv yo ranfòse kapasite fonksyonman egzekitif yo epi akonpli yon fason ki efikas travay ki nesesè yo sou chemen edikasyon apre Klas tèminal. Gade nan meni ki adwat la pou w ka jwenn enfòmasyon sou [Matris Aplikasyon pou Fonksyonman Egzekitif la](#).

## Egzekitif Siperyè Konsèy sou Fonksyonman Paran ak Elèv

**Pi Bon Konsèy pou Paran yo:**  
Evite langaj ki ka eksite moun, tankou " Monte anlè ak pran valiz ou". Pito w poze yon kesyon "ki gen imaj", "Si w te kanpe nan pòt la, pare pou ale lekòl, ki bagay ou ta renmen gen avè w?" Sa ap ede elèv yo pou yo fè planifikasyon epi pou yo aji yon fason ki responsab.

**Pi Bon Konsèy pou Elèv yo:**  
Ede elèv yo pou yo wè mwayen yo itilize pou yo fonksyone nan lavi a yon fason ki pozitif. Mwayen sa yo kapab yon kle pou libète. Lè travay yo fèt yon fason ki efikas, vin gen plis tan lib pou aktivite elèv la te chwazi yo.

**Matris Aplikasyon pou Fonksyonman Egzekitif la**  
Matris sa a montre plis pase 40 aplikasyon yo ka itilize pou reponn ak yon pakèt bezwen ki tonbe sou rekòmandasyon fonksyon egzekitif la



## 7. Ëske elèv ou a aksepte pou l responsab reyisit li?

Reyinyon IEP a se yon espas ki enpòtan kote elèv yo ka pratike epi demonstre kapasite yo genyen pou pran responsabilite pou yo pwogrese pou yo rive atenn objektif yo. Fanmi yo ka ede elèv yo nan pwosesis sa a Lè yo asiste epi patisiye regilyèman nan reyinyon IEP yo. Li endispansab pou elèv ki andikape yo aprann pou yo se moun ki responsab reyisit yo, paske nesesite pou yo dirije tèt yo poukout yo epi pou yo vin otonòm nan vin pi plis nan nivo ansèyman siperyè epi nan tout lavi yo apre Klas tèminal.

Lwa sou edikasyon moun ki andikape yo (IDEA) ak soutit D nan atik 504 nan lwa sou reyabilitasyon 1973 la (plan 504) yo se lwa federal k ap jere edikasyon elèv ki andikape yo ki gen ant 3-21 ane (oswa jiskaske yo diplome nan Klas tèminal). Lwa federal yo k ap jere moun ki andikape apre Klas tèminal a gen ladan I soutit E nan atik 50 nan lwa sou reyabilitasyon 1973 la (plan 504) ak lwa 1990 sou Ameriken ki andikape yo (ADA). Gade nan tablo ki pi ba a pou yon konparezon sou ki jan w ka gen aksè ak sèvis yo.

Elèv ki andikape ki ta renmen kontinye etid yo apre lekòl segondè pral pase nan yon sistèm eskolè kote yo mete aksan sou **reyisit** epi kote adilt yo ap soutni epi oryante aprantisaj yo (IDEA) nan yon sistèm edikasyon siperyè kote yo mete **aksan** sou reyisit epi kote sa mande pou yo defann enterè pèsònèl yo (plan 504 ak ADA). Bagay sa yo se diferans prensipal ki gen ant eksperyans edikatif anvan ak apre Klas tèminal. Li enpòtan tou pou n sonje yo ka bay lojman nan nivo ansèyman siperyè yon fason pou asire n gen ekilib nan aksè aprantisaj ak eksperyans nan kanmpous la, men yo pap chanje egzijans yo fè nan pwogram yo oswa nan kou yo

IDE	504 Soutit E ak ADA
Ansèyman segondè (Lekòl Segondè ak Klas Tèminal)	Ansèyman Apre Lekòl Segondè (Inivèsite, Kolèj ak Fakilte Pwofesyonèl ak Teknik)
Yo bay sèvis yo pa mwayen Edikasyon Eksepsyonèl elèv yo (ESE), Distri eskolè a	Mande sèvis pa mwayen sèvis pou moun ki andikape yo. cel/ jere kanmpous la ak pwofesè yo/ enstriktè yo
Yo mete aksan sou reyisit: Chanje prensip yo se yon posiblite pou elèv ki gen pi gwo andikap entèlektyèl yo.	Yo mete aksan sou aksè egal: Prensip yo, objektif kou yo ak pwogram etid yo pa ka chanje; sepandan, yo ka bay aksè pou lojman.
Yo ka bay lojman ki apwopriye , jan yo mansyone sa nan IEP a. Lekòl yo ap òganize evalyasyon yo.	Yo ka bay lojman apwopriye grasa piblikasyon andikap la ansanm ak enfòmasyon sou li.

## Piblikasyon sou Andikap nan Ansèyman Apre Lekòl Segondè

Nan nivo ansèyman siperyè, sèvis pou elèv ki andikape yo kòmanse ak yon vizit nan biwo sèvis pou moun ki andikape yo. Yon etidyan gendwa anvizaje pibliye yon andikap lòske gen lojman/sipò ki nesesè pou yo reyisi.

Piblikasyon yon andikap bay avantaj tankou aksè pou lojman ak pwoteksyon jiridik kont diskriminasyon. Sepandan, piblikasyon an gendwa pa toujou bay rezulta ki pozitif.

Konsilte [dokiman 411 la sou piblikasyon andikap yo: Yon manyèl travay pou jèn ki andikape](#) pou plis detay.



## Referans pou chak Kesyon

### Kesyon 1:

Sant nan Florid pou Elèv ki gen kapasite Espesyal yo,

<https://fcsua.org/>

Gwo upman nan Florid sou ansèyman siperyè enklizif

<https://fcuhe.com/>

Ministè Edikasyon nan Florid: Paj entènèt bous etid

<http://www.fl DOE.org/contact-us/search.stml?q=Scholarships>

Konsèy nan Florid pou Ankadre Andikape Gid pou Ansèyman Siperyè nan Florid

<https://www.fddc.org/publications>

FloridaShines

<https://www.floridashines.org/>

<http://www.floridashines.org/>

Pasaj nan ansèyman siperyè oswa fòmasyon: Ki sa Paran yo ka fè kounye a

<https://www.pacer.org/transition/resource-library/publications/NPC-15.pdf>

### Kesyon 2:

Bwochi sou Konsèy Akademik - FDOE

<http://www.fl DOE.org/core/fileparse.php/7764/urlt/StandardDiplomaRequirements.pdf>

Admisyon nan sistèm Kolejyal Florid

<http://www.fl DOE.org/schools/higher-ed/fl-college-system/academic-student-affairs/admissions.stml>

Tablo opsyon Diplome yo

[http://project10.info/Documents/24-Credit\\_and\\_18-Credit\\_Grad\\_Options\\_Chart\\_03.30.2020.FINAL.pdf](http://project10.info/Documents/24-Credit_and_18-Credit_Grad_Options_Chart_03.30.2020.FINAL.pdf)

Lis Kontwòl pou Sèvis Pasaj yo, Apenndis N nan Gid Familyal pou Planifikasyon Pasaj nan Segondè- Bwat zouti konplè

<https://padlet.com/aschoenb/cbxve4zdy1e4>

### Kesyon 3:

Eleman Esansyèl nan Detèminasyon pèsonèl ki soti nan "Mwen Detèmine". Pwojè Detèminasyon Pèsonèl nan Ministè Edikasyon nan Virginia

[http://www.imdetermined.org/files\\_resources/131/core\\_components\\_of\\_self-determination.pdf](http://www.imdetermined.org/files_resources/131/core_components_of_self-determination.pdf)

Konsèy pou Paran yo nan kad planifikasyon pasaj

<https://www.pacer.org/publications/pdfs/ALL14.pdf>

Lis Kontwòl pou Paran yo, Apenndis O nan Gid Familyal pou Planifikasyon Pasaj nan Segondè- Bwat zouti konplè

<https://padlet.com/aschoenb/cbxve4zdy1e4>

Rezulta apre Klas tèminal pou Jèn Adilt ki Andikape jiska 6 zan apre Klas Tèminal: Rezulta prensipal sou etid Lonjitudinal Nasyonal sou pasaj la (NLTS2)

<https://ies.ed.gov/ncser/pubs/20113004/>

Pasaj Etidyan ki gen Andikap yo nan Ansèyman Siperyè: Yon Gid pou Edikatè ki nan Klas Tèminal

<https://www2.ed.gov/about/offices/list/ocr/transitionguide.html>

### Kesyon 4:

8 Konsèy pou Anseye Teknik Kominikasyon yo yon fason Efikas

<https://stanfield.com/8-tips-teach-effective-communication-skills/>



Referans  
pou chak  
Kesyon

#### Kesyon 4: (Rès)

10 Fason pou Amelyore Teknik Kominikasyon Liseyen w nan

<https://www.understood.org/en/learning-attention-issues/child-learning-disabilities/communication-disorders/10-ways-to-improve-your-high-schoolers-communication-skills?view=slideview>

Bwat zouti Do2Learn pou konpetans sosyal

<http://do2learn.com/organizationtools/SocialSkillsToolbox/AppropriateTopicsOfConversation.htm>

Pratike konpetans sosyal yo: Ki jan pou w anseye elèv ou a echanj sosyal yo

<http://www.idonline.org/article/21025/>

#### Kesyon 5:

Sant pou sistèm resous dyagnostik ak aprantisaj nan Florid (FDLRS)

<http://www.fdlrs.org/departments/technology>

Ajans Florid pou sèvis èd ak tehnoloji (FAAST) - Aplikasyon sipò tehnolojik yo - Abòdab, disponib epi fasil

<https://faast.org/apps-as-assistive-technology-affordable-available-and-accessible/>

Transfòrmasyon Pawòl an Tèks sou Google Docs

[https://www.youtube.com/watch?v=j8ike1\\_wXGk](https://www.youtube.com/watch?v=j8ike1_wXGk)

Fason pou w ede elèv ou a ki nan segondè devlope kapasite I genyen pou jere

<https://www.understood.org/en/learning-attention-issues/child-learning-disabilities/executive-functioning-issues/executive-functioning-issues-and-learning-6-ways-to-help-your-high-schooler>

#### Kesyon 6:

Matris Aplikasyon pou devlope kapasite pou jere

<http://online.anyflip.com/xbjb/eppj/mobile/index.html#p=3>

Deskripsyon devlopman kapsite pou jere

<https://www.merriam-webster.com/dictionary/executive%20function>

Rezo Familyal sou Andikape - Gid Referans sou Aplikasyon pou Òganizasyon yo

<https://findusa.org/apps/>

Tès ki Jis Sant Nasyonal pou Tès ki Jis epi ki Ouvè

<https://www.fairtest.org/>

Kòman timoun yo ak adilt yo ka devlope kapasite ki esansyèl pou lavi - Sant pou Devlopman timoun nan Invèsite

Harva<https://developingchild.harvard.edu/innovation-application/key-concepts/adult-capabilities/>

#### Kesyon 7:

Nan yon Bat Je: Ki Lwa Pou Fè Ki Sa

<https://www.understood.org/en/school-learning/your-childs-rights/basics-about-childs-rights/at-a-glance-which-laws-do-what>

Gid Familyal pou planifikasyon Pasaj nan Segondè, p. 74

<http://project10.info/DPage.php?ID=322#NS142>

411 la sou Piblikasyon Andikap yo: Yon manyèl travay pou jèn ki andikape

[http://www.ncwd-youth.info/wp-content/uploads/2016/10/411\\_Disability\\_Disclosure\\_complete.pdf](http://www.ncwd-youth.info/wp-content/uploads/2016/10/411_Disability_Disclosure_complete.pdf)

